

HAITIAN EDITION
U.S. HISTORY & GOVERNMENT
WEDNESDAY, JANUARY 28, 2004
1:15 to 4:15 p.m., only

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi, 28 janvyè 2004 — 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la wap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 Kilès nan tit sa yo ki konplete pi byen plan pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Komite Korespondans
- B. Akò ki Defann Enpòtasyon
- C. Fèt pou Te nan Boston (*Boston Tea Party*)
- D. Premye Kongrè Kontinantal

- (1) Pwotestasyon kont Esklavaj nan Koloni Ameriken yo
- (2) Aksyon Palman Angletè pou Pini Kolon Ameriken yo
- (3) Repons Kolonyal kont Politik Mèkantil Angletè yo
- (4) Efò Kolonyal pou Fini ak Politik Angletè sou Neglijans Salitè a

2 **“Nouvo Kongrè a Gen De (2) Chanm”**
“Chak Esklav ap Konte pou Twa Senkyèm yon Moun”
“Yo pral Chwazi Prezidan an nan Vòt Elektoral”

Kilès nan konklizyon sou Konvansyon Konstitisyonèl la ki ale pi byen ak tit sa yo?

- (1) Moun ki travay sou Konstitisyon an rive antann yo sou kèk kesyon enpòtan.
- (2) Eta ki pa gen anpil teritwa yo ta pèdi nan pouvwa yo dapre nouvo konstitisyon an.
- (3) Eta ki te gen anpil moun yo te kontwòle rezilta konvansyon an.
- (4) Prezidan an ak Kongrè a ta gen menm kantite pouvwa dapre nouvo konstitisyon an.

3 Ki pouvwa gouvènman federal la ak gouvènman Eta New York la egzèse ansanm?

- (1) adopte lwa sou imigrasyon
- (2) touche taks
- (3) delivre patant ak dwadotè
- (4) bay paspò

4 Pi bon definisyon ki genyen pou yon konstitisyon ki pa ekri, se

- (1) amannman nan Konstitisyon Etazini a
- (2) pouvwa Konstitisyon an rezève pou Eta yo
- (3) pouvwa Konstitisyon an refize bay Kongrè a ak Eta yo
- (4) pratik gouvènman an ki baze sou abitud ak tradisyon

5 “Kongrè a dwe gen pouvwa . . . pou adopte tout lwa ki nesèsè epi apwopriye pou egzekite pouvwa sa yo, ansanm ak tout lòt pouvwa Konstitisyon sa a bay [akòde] gouvènman Etazini an, oswa nenpòt Depatman oubyen nenpòt Sèvis gouvènman sa a . . .”

Pandan 20yèm syèk la, yo te sèvi anpil fwa ak seksyon sa a, nan Konstitisyon Etazini a, pou

- (1) bay gouvènman federal la plis kontwòl sou komès ant Eta yo
- (2) redwi kantite tribinal federal ki genyen yo
- (3) anile desizyon kolèj elektoral la
- (4) destitue prezidan an

6 Eta New York la ak Etazini gen yon fòm gouvènman repibliken paske tou de (2) gen

- (1) yon deklarasyon sou dwa moun
- (2) yon konstitisyon ekri
- (3) yon palman yo chwazi nan eleksyon
- (4) twa branch nan gouvènman an

7 Nan ka *Marbury v. Madison* lan (1803), Kou Siprèm lan bay tèt li plis pouvwa, paske li

- (1) etabli pwosedi revizyon jidisyè a
- (2) konfime pouvwa pou nonmen prezidan an
- (3) bay libète endividyèl yo yon sans ki pi laj
- (4) deklare prensip ki di dwa Eta yo pa konstitisyonèl

- 8 Youn nan rezon ki fè politik etranjè prezidan George Washington, ak Thomas Jefferson, ak James Monroe yo te sanble, se paske yo te
- (1) bay Lafrans plis avantaj pase Angletè
 - (2) ankouraje espansyon kolonyal
 - (3) rive defann peyi nan Amerik Latin
 - (4) chache pa antre nan batay politik ki tap mennen ann Ewòp yo
- 9 Deklarasyon Santiman ki te soti nan Konvansyon Seneca Falls an 1848 la te di
- (1) abolisyon esklavaj te nesesè
 - (2) tout gason ak tout fi fèt egal
 - (3) yo ta dwe asepte California tankou yon Eta lib
 - (4) lavant bweson ki gen alkòl ta dwe ilegal
- 10 Youn nan rezon ki fè “*Bleeding Kansas*,” ak desizyon Dred Scott la, ak atak John Brown sou Harper’s Ferry a te gen menm konsekans pou Etazini, se paske tout evennman sa yo te
- (1) fini ak konfli sou kesyon esklavaj nan teritwa yo
 - (2) soulaje tansyon ant Nò ak Sid la
 - (3) ede nan fòmasyon Pati Whig la
 - (4) fè konpwomi seksyonèl yo vin pi difisil
- 11 Rezon ki fè Lwa Homestead 1862 a te ede devlope Wès la, se paske li te
- (1) bay pyonye yo tè gratis
 - (2) bay tè pou bati ray tren transkontinantal
 - (3) pèmèt esklavaj gaye nan teritwa yo
 - (4) mete Endyen Natifnatal Ameriken yo nan rezèv
- 12 Ant 1880 ak 1900, pifò etranje ki te vini nan Etazini yo te ale rete nan vil ki nan zòn Ès la paske
- (1) yo te ka jwenn anpil travay nan izin nan Ès la
 - (2) pat rete anpil teren pou agrikilti nan Midwès la
 - (3) pifò nan etranje yo te soti nan vil Ewòp yo
 - (4) lwa nan vil yo te bay etranje ki vini yo dwa ak pwoteksyon espesyal

Baze repons ou pou kesyon 13 ak 14 sou deklarasyon oratè pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Oratè A: “Lè te vin gen anpil demann, epi te gen rate sou mache yo, li te montre l san pitye, li trayi kontra li te pase sou livrezon yo, epi li monte pri yo.”

Oratè B: “Yon moun ki rich dwe sèvi ak fòtin li kòm ‘garanti’ pou kominote a, epi li dwe sèvi ak li pou aksyon filantwopik ak pou charite.”

Oratè C: “Sa montre yon moun gen kè di, si w vle kraze moun rich paske zafè yo mache byen. Moun rich yo fè gwo travay ki pèmèt peyi a vin rich, epi peyi a pèmèt yo vin rich.”

Oratè D: “Yo pran rezilta travay plizyè milyon moun, san yo pa wont, epi yo bati kokennchenn fòtin pou yon ti kras moun, sa ki yon bagay ki pat janm fèt anvan, nan listwa limanite.”

13 Montre de (2) nan oratè yo ki ta pi vit rele endistriyèl nan fen 19yèm syèk yo *mèt vòlè*?

- (1) A ak B
- (2) A ak D
- (3) B ak C
- (4) C ak D


14 Konklizyon pi valab ki kapab soti nan diferan opinyon oratè sa yo, se si ou di endistriyèl nan fen 19yèm syèk yo

- (1) te fè anpil benefis, ki pat bon pou popilasyon an
- (2) te trete travayè yo ak jistis
- (3) te sèvi ak mwayen ilegal pou fè fòtin
- (4) te kont sistèm ekonomik lib antrepriz la an jeneral

15 Nan afè *Plessy v. Ferguson* lan (1896), Kou Siprèm la te deklare

- (1) Eta yo pa gen dwa separe ak Inyon an
- (2) segregason rasyal pa konstitisyonèl
- (3) esklav yo se pwopriyete lòt moun, epi yo pa gen dwa retire yo nan men pwopriyete yo
- (4) yo ta dwe asepte esklavaj nan tout teritwa nan Wès yo

Baze repons ou pou kesyon 16 ak 17 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Lewis Paul Todd ak Merle Curti, *Rise of the American Nation*, Harcourt Brace Jovanovich (adapte)

16 Ki lide prensipal ki nan desen sa a, ki te fèt pandan ane 1800 yo?

- (1) Travayè yo ap pran pouvwa sou gwo biznis yo.
- (2) Pifò Ameriken yo sipòte mouvman travayè yo.
- (3) Biznis gen avantaj sou travayè yo.
- (4) Gouvènman an ta dwe sipòte devlopman chemen fè yo.

17 Pou Federasyon Travayè Ameriken an reyaji a sitiyasyon desen an montre a, li te

- (1) òganize travayè kalifye yo an sendika
- (2) ankouraje imigrasyon pou moun tout peyi
- (3) kreye biznis kote travayè yo te chè mèt
- (4) kreye yon sèl sendika pou travayè ak fèmnye

18 Rezon ki fè yo te adopte Lwa Sherman kont Monopòl la (*Sherman Antitrust Act*), ak Lwa Clayton kont Monopòl la (*Clayton Antitrust Act*), se te pou

- (1) ankouraje fòmasyon nouvo twòs
- (2) kenbe konpetisyon nan biznis
- (3) ogmante investisman nan biznis
- (4) limite aktivite kòporasyon etranje yo

19 Ant ane 1890 yo ak koumansman Premye Gè Mondyal la, pou Etazini te rive jwenn mache nan peyi etranje ak matyè premyè pi fasil, li te sèvi ak politik

- (1) bare chimen
- (2) enperyalis
- (3) izolasyonis
- (4) netralite

Baze repons ou pou kesyon 20 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Lejislasyon pandan Peryòd Pwogresis la

Dat	Lejislasyon	Objektif
1905	Kreyasyon Sèvis Forestye Etazini	Administre resous dlo ak bwa nan forè peyi a
1906	Lwa sou Enspeksyon Vyann	Règleman tretman vyann pou asire bon kondisyon pwòpte
1906	Lwa sou Kalite Manje ak Medikaman	Deklare manti sou etikèt manje ak medikaman kòm aksyon ilegal
1913	Kreyasyon Depatman Travay	Defann enterè moun kap travay

20 Objektif tout desizyon legal sa yo te genyen se te pou

- (1) pwoteje resous natirèl peyi a
- (2) pèmèt etranje ki te fenk vin rete nan Etazini yo viv pi byen
- (3) ankouraje kwasans gwo biznis
- (4) ede byennèt piblik ameriken an

21 Kilès nan devlopman sa yo ki plis montre aklè kouman mouvman Pati Popilis la tap mache byen, pandan ane 1890 yo?

- (1) Pati a te ranplase youn nan de (2) pi gwo pati yo.
- (2) Pati a te vin jwenn sipò patwon biznis yo.
- (3) Gen de (2) nan kandida pati a ki te genyen eleksyon kòm prezidan.
- (4) Yo te adopte plizyè nan refòm pati a te pwopoze yo kòm lwa.

22 Premye rezon ki fè yo te adopte Politik Pòt Louvri a se te pou pèmèt Etazini

- (1) limite imigrasyon Chinwa
- (2) anpeche Japon kolonize Lachin
- (3) genyen egalite nan dwa pou fè komès ak Lachin
- (4) ankouraje devlopman demokrasi nan Lachin

23 Pou Jane Addams te kapab rezoud pwoblèm nan vil yo pandan Peryòd Pwogresis la, li te etabli


- (1) sant pou resevwa epi ede moun ki pòv
- (2) jounal ki te pèmèt Ameriken yo gen enfòmasyon sou kondisyon nan katye pòv yo
- (3) lwa ki te limite kèk nan gwoup imigran yo
- (4) lekòl piblik gratis nan katye andedan vil yo

24 Pandan Premye Gè Mondyal, anpil fanm ameriken ede mouvman dwa vòt pou fanm nan

- (1) pwoteste kont lagè a
- (2) antre nan sèvis militè
- (3) fè kanpay pou gadri pou timoun
- (4) travay nan endistri lagè yo

- 25 Apre Preme Gè Mondyal la, rezon prensipal ki fè Etazini te refize ratifye Trete Vèsay la se te paske trete a
- (1) pat genyen pifò nan Katòz Pwen Prezidan Wilson yo ladan l
 - (2) pat pini Almay paske li te koumanse lagè a
 - (3) te gen dispozisyon ladan l ki ta kapab mennen Etazini nan konfli ak lòt peyi
 - (4) pat gen okenn dispozisyon ki mande pou redwi kantite zam militè yo
- 26 Rezon prensipal ki fè Ameriken Nwa yo te ale nan Nò a pandan ak apre Preme Gè Mondyal la se poutèt
- (1) desegregasyon militè a ki te byen pase
 - (2) efò mouvman dwa sivil la
 - (3) nouvo posibilite travay ki te genyen nan izin yo
 - (4) rezilta pwogram aksyon afimatif yo te bay
- 27 Pandan ane 1920 yo, kontwovès sou jijman Scopes la, sou Pwoyibisyon nasyonal la, ak sou aksyon medam gran jipon yo (*flappers*), se te siyal yon dezakò sou kesyon
- (1) pou retounen nan yon eta nòmral
 - (2) valè tradisyonèl ak chanjman nan jan moun te viv
 - (3) lakòz Lagrann Depresyon an
 - (4) avantaj nouvo teknoloji yo te pote
- 28 Youn nan objektif prensipal lwa imigrasyon nan ane 1920 yo se te pou
- (1) pèmèt imigrasyon san limit pou moun ki te soti nan Azi Sidès
 - (2) fè ansòt pou gen menm kantite imigre ki soti nan tout peyi yo
 - (3) bay imigre ki rich epi ki gen anpil edikasyon yo plis avantaj
 - (4) etabli kota pou limite imigrasyon ki soti nan Ewòp disid ak Ewòp delès
- 29 Kilès nan kondisyon sa yo ki montre pi byen lè gen yon depresyon ekonomik?
- (1) anpil chomaj ak pwodiksyon eksef
 - (2) investisman gwo biznis ak taks ki bese
 - (3) twòp lajan kap sikile, epi pri aksyon ki monte
 - (4) anpil travay, epi plis investisman nan byen imobilye
- 30 Pou eseye rezoud pwoblèm ki te soti nan Lagrann Depresyon an, Nouvo Kontra a te eseye
- (1) prevwa asistans federal pou anpil sektè nan ekonomi a
 - (2) redwi taks sou gwo biznis yo, pou ankouraje kreyasyon travay
 - (3) bese depans gouvènman federal la, pou kenbe ekilib nan bidjè a
 - (4) monte tarif yo, pou fè konpetisyon etranje a bese
- 31 Prezidan Franklin D. Roosevelt te eseye mete moun li nan Kou Siprèm Etazini a, men Kongrè pat sipòte l. Ka sa a se yon egzanp ki montre
- (1) Kongrè kap tòpiye prensip separasyon pouvwa a
 - (2) prezidan an kap sèvi ak konstitisyon ki pa ekri a
 - (3) yon ka kote sistèm pouvwa ekilibre a (*checks and balances*) sèvi
 - (4) kouman yon branch nan gouvènman te prezève sistèm federalis la
- 32 Pandan ane 1930 yo, pou eseye pa mete Etazini nan yon pozisyon pou l antre nan Preme Gè Mondyal la, Kongrè a te
- (1) adopte yon lwa pou konskripsyon nan peryòd ki pa gen lagè
 - (2) pase yon seri lwa sou netralite
 - (3) otorize depòtasyon manm Pati Kominis Ameriken an
 - (4) fèmen Japonè Ameriken yo nan kan konsantrasyon
- 33 Gouvènman federal la te sèvi ak rasyonman pandan Dezyèm Gè Mondyal la pou
- (1) anpeche pri zam militè yo monte
 - (2) bay plis avantaj nan edikasyon pou moun ki te sèvi nan lame yo
 - (3) enpòte plis pwodwi ki te manke
 - (4) bay plis resous pou lame
- 34 Kisa ki te objektif prensipal GI Bill Kongrè te pase a lè Dezyèm Gè Mondyal la te prèt pou fini?
- (1) ofri lajan prete san gwo enterè pou endistri defans la
 - (2) bay asistans ekonomik pou moun ki te sèvi nan lame
 - (3) anpeche kominis entènasyonal gaye anpil kote
 - (4) mete plis opòtinite pou karyè nan lame

Baze repons ou pou kesyon 35 sou foto ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Loomis Dean, *Life* (adapte)

35 Kisa foto sa a montre sou Etazini pandan ane 1950 yo?

- (1) Yo te pran anpil prekosyon pou kache zam atomik yo.
- (2) Peyi a te tounen sèl sipèpisans nikleyè.
- (3) Lagè Fwad la te fè moun pè anpil.
- (4) Se ofisyèl gouvènman yo sèlman ki ta an sekirite si te gen yon atak nikleyè.

36 Nan peryòd dis ane ki te apre Dezyèm Gè Mondyal la, kwasans rapid nan salè yo te youn nan rezon ki te fè

- (1) kantite timoun ki te fèt yo bese
- (2) yon gwo depresyon ekonomik
- (3) klas mwayenn lan te vin gen plis moun
- (4) pwodiksyon machandiz deliks yo te vin bese

Baze repons ou pou kesyon 37 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“Ou vle konnen pou ki nou pa ka swiv kous la?”



Sous: Herblock, *The Washington Post* (adapte)

37 Kilès nan evennman sa yo, ki te pase pandan ane 1950 yo, ki ta pi fasil pou li se yon rezon pou pibliye desen sa a?

- (1) Ris yo te mete kosmonòt sou Lalin.
- (2) Inyon Sovyetik te lanse satelit *Sputnik* la.
- (3) Etazini te pèdi Lagè Vyètnam lan.
- (4) Etidyan ameriken yo te pran move nòt nan matematik ak nan syans.

38 Kilès nan sa yo ki te yon konsekans kriz misil Kiba a an 1962?

- (1) Kiba te tounen yon peyi kominis.
- (2) Etazini te pran kontwòl Kiba militèman.
- (3) Inyon Sovyetik te retire misil li te genyen Kiba yo.
- (4) Fidel Castro te kontre ak Prezidan John F. Kennedy.

- 39 Prezidan Richard Nixon te sèvi ak politik detant lan pou li te kapab
- (1) fè tansyon bese ant Etazini ak Inyon Sovyetik
 - (2) amelyore relasyon ak Amerik Latin
 - (3) ankouraje gouvènman demokratik nan Lachin
 - (4) kreye relasyon pi fò ak Ewòp Delwès

40 “. . . Desizyon nou pran sou enèji a pral teste karaktè pèp ameriken an, epi kapasite Prezidan an ak Kongrè a pou yo gouvènèn. Èfò difisil sa a pral ‘ekivalan moral yon lagè’ – men li pral fè nou mete fòs nou ansanm pou nou bati, pase pou nou ta detwi. . . .”

— Prezidan Jimmy Carter
Diskou pou Pèp la, 18 avril 1977

Pou mete lide sa yo an pratik, Prezidan Carter te

- (1) sispann konstriksyon izin enèji nikleyè yo
- (2) ogmante enpòtasyon lwil etranje
- (3) bay gwo ankourajman pou devlopman altènativ nan sous pou kabiran yo
- (4) bloke pri tout pwodwi ki fèt ak petwòl yo

Baze repons ou pou kesyon 41 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Bruce Beattie, Daytona Beach News-Journal, 17 novanm 2000 (adapte)


- 41 Desen sa a, ki te fèt sou eleksyon prezidansyèl konteste nan ane 2000 la, vle di moun ki genyen an kapab
- (1) manke sipò popilè ki fò pou pwogram li yo
 - (2) genyen yon nouvo manda fasilman an 2004
 - (3) rive kenbe pwomès li te fè pandan kanpay li a
 - (4) pa rive gen laviktwa devan kolèj elektoral la

42 **“Clinton Ofri Larisi Asistans Ekonomik”**
“Etazini Voye Militè an Bosni pou Kenbe Lapè”
“Etazini Voye Avyon ki Gen Manje ak Medikaman an Somali”

Tit sa yo montre yon bagay enpòtan nan politik etranjè Etazini pandan ane 1990 yo se te

- (1) bare chimen
- (2) sekirite kolektif
- (3) angajman global
- (4) netralite

Baze repons ou pou kesyon 43 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Biwo Resansman Etazini (adapte)


43 Chanjman ki parèt nan grafik la montre dènye pwoblèm Ameriken te di yo genyen avèk

- (1) avni Sekirite Sosyal ak Medicare
- (2) sosyete agrè ki sanble lap tounen
- (3) twòp moun ki travay nan swen sante
- (4) lekòl ak inivèsite ki manke

44 Konsekans sistèm Rezèv Federal la genyen sou kondisyon ekonomik nan Etazini yo se

- (1) regilasyon kantite lajan ki an sikilasyon
- (2) lajan yo prete fèmeye yo ak ti biznis yo dirèkteman
- (3) aplikasyon rijid lwa kont monopòl yo
- (4) kontwòl enpòtasyon ki soti nan lòt peyi

Baze repons ou pou kesyon 45 ak 46 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: 1996 Green Book, Depatman Travay Etazini, Biwo Estatistik sou Travay (adapte)

45 Kilès nan deklarasyon sa yo enfòmasyon ki nan grafik la sipòte pi byen?

- (1) Te gen plis timoun ki pako gen 6 an pandan ane 1990 la pase pandan ane 1950 la.
- (2) Depi 1990, plis pase mwatye nan popilasyon kap travay la se fanm.
- (3) Diferans ant salè gason ak salè fanm yo vin pi piti.
- (4) Gen mwens fanm ki rete lakay yo kounye a pou elve pitit yo.

46 Si yon kandida pou yon fonksyon ofisyèl gade grafik sa a, li kapab kwè piblik la ta dakò pou gouvènman an bay plis sipò pou

- (1) plis asistans etranjè
- (2) lokal pou swen sante
- (3) gadri pou timoun lajounen
- (4) kolèj ak inivèsite

47 Sa ki plis fè moun konnen William Lloyd Garrison, Harriet Tubman, ak Harriet Beecher Stowe se travay yo te fè pou

- (1) ouvri lekòl piblik gratis
- (2) koumanse mouvman tanperans lan
- (3) bay fanm plis dwa
- (4) goumen kont esklavaj

48 Kilès nan tit sa yo ki konplete pi byen plan pasyèl ki pi ba la a ?

- I. _____
- A. Politik Pòt Louvri
 - B. Rebelyon Panama (1903)
 - C. Kowolè Roosevelt
 - D. Doktrin Truman

- (1) Pwogram Nasyonal nan Etazini
- (2) Evennman nan Lagè Fwad la
- (3) Entèvansyonis Etazini
- (4) Efò pou Izolasyonis

49 Rachel Carson ak Ralph Nader sanble jounalis endepandan Peryòd Pwogresis la paske yo te

- (1) plede pou yon chajman total nan jan gouvènman an bati a
- (2) eseye denonse pwoblèm nan sosyete a
- (3) eseye enfluyans opinyon piblik la san yo pat rive
- (4) sipòte aktivite kont Ameriken

50 Nan ki lagè yo te sèvi ak Destine Manifès pou jistifye aksyon gouvènman ameriken?

- (1) Lagè Revolisyonè
- (2) Lagè kont Meksik
- (3) Lagè Sivil
- (4) Lagè kont Vyetnam

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Pou devlope repons ou bay nan Dezyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) **pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”**

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman Konstitisyonèl

Amanman yo mete nan Konstitisyon Etazini a chanje gouvènman nou an ak sosyete nou an.

Objektif Travay la:

Idantifye **de** (2) amannman nan Konstitisyon Etazini a, epi pou **chak**:

- Pale sou sikonstans istorik ki te fè yo adopte amannman an
- Pale sou jan amannman an chanje gouvènman Etazini a ak/oswa sosyete Etazini a

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki amannman konstitisyonèl ou etidye nan istwa Etazini. Kòm konsèy ki ta kapab sèvi w, genyen Premye Amannman an – libète pèsònèl yo (1791), 15yèm Amannman an – dwa pou vote (1870), 16yèm Amannman an – taks sou salè (1913), 17yèm Amannman an – eleksyon senatè yo (1913), 18yèm Amannman an – Pwoyibisyon (1919), 19yèm Amannman an – sifraj (1920), oswa 22yèm Amannman an – limit sou manda yo (1951).

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè nan *Objektif Travay la*.
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan.
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè.
- Ekri yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki depase yon senp repetisyon *Tèm* nan.

Pou devlope repons ou bay nan Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) evalye vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo (1–8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè wap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Menm si Ameriken bay edikasyon anpil enpòtans, se pa tout moun ki te kapab rive gen yon edikasyon fòmèl. Depi tan kolonyal la, yo kontinye ap fè plis moun jwenn opòtinite pou edikasyon nan Etazini.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Seksyon A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Seksyon B a, kote yo pral mande w:

- Pale sou efò moun ak gouvènman (kit se gouvènman federal, gouvènman Eta, oswa gouvènman lokal) fè pou ede plis moun jwenn opòtinite pou edikasyon nan popilasyon Etazini a
- Evalye nan ki pwenn efò sa yo te rive bay bon rannman


Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vin apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

Òdonans sou Tè 1785 la te gen dispozisyon pou pèmèt fè bon jan apantaj ak vann tè piblik nan Teritwa Nòdwès yo. Gri ki pi ba la a montre nimewo yo bay moso tè pou vann nan yon vilaj.



Sous: Thomas A. Bailey et al.,
The American Pageant, Houghton Mifflin
(adapte)

1 Dapre gri sa a, kouman Òdonans sou Tè 1785 la te ankouraje edikasyon nan Teritwa Nòdwès yo? [1]

Nòt

Dokiman 2

. . . Men ki kesyon remak sa yo te lakòz nou mande: Kisa plan edikasyon pou fi nou pwopoze la a gen ladan l, ki ta kapab aprann oswa prezève, nan jennfi nan fanmi rich yo, bon mannyè nou gade ki enpòtan konsa pou pwosperite nasyonal, epi ki nesèsè konsa pou egzistans yon gouvènman repibliken?

- [1] Lè fi yo aprann fòm konpreyansyon yo, lè pouvwa rezonman yo devlope ak fòtifye, sa pral pèmèt yo aji plis dapre rezon yo, ak aji mwens dapre lamòd oubyen kapris [jan moun pa atann].
- [2] Si lespri yo byen fòm konsa, yo pral aprann sistèm moral, ki pral kore ak sanksyon relijyon; epi yo pral kapab konprann devwa yo yon jan ki pi egzak epi ak vizyon ki pi laj, epi yo pral gen motivasyon ki pi fò ak pi wo pou fè devwa yo.
- [3] Plan edikasyon sa a ofri tout sa ki kapab genyen pou anpeche jennfi yo meprize travay ki itil. Elèv yo ta vin abitye ak li, ansanm ak bèl moso nan literati, epi ak elegans ki genyen nan fè bèl travay atis; epi tou, nou ta kapab gen espwa lè yo pran abitud sa yo, ak lè yo fè asosyasyon sa yo, yo pral rive nan yon pwen nan lavni kote yo gade sa kòm bagay respektab. . . .

Sous: Emma Willard,
“An Address to the Public, Particularly the Members of the Legislature of New York,
Proposing a Plan for Improving Female Education,” 1819

2 Dapre pasaj sa a, di **yon** rezon ki te fè Emma Willard kwè edikasyon ta bon pou fi yo. [1]

Nòt

Dokiman 3

. . . Kididonk, plis pase tout lòt sèvis moun kapab fè, edikasyon se gran egalizatè nan kondisyon ant moun – wou ki mete ekilib nan machin sosyal la. Mwen pa vle di la a sa pral fè moun vin gen tèlman moralite, sa pral fè pa gen opresyon ankò, oswa yo pral vin meprize opresyon lòt moun. Sa se yon lòt chapit. Sa mwen vle di, se bay li pral bay chak moun ase endepandans ak ase mwayen pou li kapab reziste aksyon egoyis lòt moun. Lap fè plis pase fè moun pòv pa rayi moun rich: lap anpeche moun vin pòv. Mouvmman agrè a [mouvmman ki amelyore kondisyon ekonomik fèmye yo] se revanch moun pòv kont moun rich. Lè moun detwi pwopriyete lòt moun pou fè mechanste – tankou lè yo boule depo fwen oswa depo mayi, lè yo kraze machin paske machin yo ranplase travay moun, lè yo lage vitriyòl [matyè kostik] sou rad moun rich – se sa mwen rele foli moun ki nan mouvmman agrè a. Edikasyon anpeche ni revanch, ni foli. Men sèlman, si yon moun gen solidarite ak klas li oswa ak gwoup li, se yon reyaksyon nòmal pou yon moun ki enterese nan plis pase tèt li ak fanmi l sèlman. Lè edikasyon gaye, epi li fè klas oswa gwoup moun ki kiltive yo vin pi gwo, sa pral ouvri yon pi gwo sektè pou santiman sosyal la kouvri; epi tou, si edikasyon sa a inivèsèl ak total, li pral rive fè plis pase tout lòt bagay pou elimine divizyon atifisyèl ki nan sosyete a. . . .

— Horace Mann, *12th Annual Report of the Secretary of the Massachusetts Board of Education*, 1848
Sous: Lawrence Cremin, ed., *The Republic and the School: Horace Mann on the Education of Free Men*,
Columbia University

3 Dapre pasaj sa a, idantifye **de** (2) rezon ki te fè Horace Mann kwè edikasyon piblik bon pou sosyete Etazini a. [2]

(1) _____ Nòt

(2) _____ Nòt

Dokiman 4



Sous: Andrew Cayton et al., *America: Pathways to the Present*, Prentice Hall (adapte)

4a Dapre foto sa a, ki aksyon gouvènman federal la te pran pou ankouraje opòtinite nan edikasyon pou Ameriken Nwa nan peryòd ki te vini apre Lagè Sivil la? [1]

Nòt

Lè lekòl nou an te koumanse – malgre menas Blan yo te fè, ak lapè sa te lakòz nan lespri Nwa yo – te genyen vennsèt elèv, epi sèlman kat ladan yo te kapab li, menm mo ki pi fasil yo. Apre sis semenn pase, nou deja enskri katreven senk moun, men gen kenz ladan yo ki pa konn li. Pandan sèt ane mwen fè kòm pwofesè nan Nò a, mwen pako janm wè okenn elèv ki vle aprann tankou yo, ni ki fè pwogrè pi vit pase yo. Mwen pa konnen si, fwa sa a, yo pral pèdi antouzyas yo. Mwen pa kwè sa pral rive. Antouka, li bon pou “bat fè a pandan li cho.” Pou pèmèt evalye kouman yo deside, mwen ka di gen twa ladan yo ki vini a pye sou yon distans kat mil chak maten, epi ki tounen lakay yo apre senk èdtan nan lekòl la. Gen plizyè ki mache twa mil, epi anpil lòt ki mache ant de (2) mil ak de (2) mil edmi

— Mary S. Battey, pwofesè lekòl, Andersonville, Georgia, 1866

Sous: Gerda Lerner, *The Female Experience: An American Documentary*, Bobbs-Merrill Company (adapte)

b Dapre pasaj sa a, ki rezilta opòtinite edikasyon yo te gen sou elèv Ameriken Nwa nan Sid la an 1866? [1]

Nòt

Dokiman 5

India Harris Simmons te soti Ohio pou antre Kansas, pou vin jwenn paran l ki te fèmeye, epi anvan lontan yo te nonmen l premye pwofesè lekòl nan distrik Prairie Range la, nan nòdwès Konte Kearny.

. . . Nenpòt ki kalite liv chak elèv te achte nan Eta li te rele 'lakay' li a, yo te mete l tou pre elèv la sou ban an. Adwaz yo, ki te ranplase ni tablo ni blòknòt yo, te nenpòt ki gwosè ak nenpòt ki kalite, depi ti adwaz Jimmy te genyen an, ki te gen yon ankadreman ki te kouvri an fet wouj epi yon kreyon ki pandye ladan ak yon fisèl la, jouk adwaz doub Mary a, ki te gen ankadreman laj ki fèt lakay li a, kote de (2) bò yo te tache ansanm avèk yon gon solid, epi ki te gen inisyal li, ak yon pòtre kè ki grave sou li. Li te jwenn li ranje yon kote ak liv granpè l te konn sèvi depi lè li te nan Ohio. Te gen istwa ki te soti Illinois, ak liv òtograph epi liv ekriti ki te soti Iowa, ak liv lekti ki te soti nan lekòl vil St. Louis, epi tou kèk liv òtograf ak kouvèti ble, ki te genyen devinèt ak senk silab yo.

Avèk ansanm disparat sa a, pwofesè a te konpoze pwòp devwa l yo, epi li te fè klasifikasyon dapre pwòp jijman li sèlman. Elèv yo te gen tèlman lontan yo pat gen privilèj ale lekòl, sa te fè yo kontan jwenn yon chans etidye, epi vitès pwogrè yo te fè a te montre pifò ladan yo te soti nan fanmi ki te entelijan. Pou di verite, pat genyen yon glòb ki sispann anlè pou esplike yo jeyografi matematik, men yo te byen rive sèvi ak yon pòm epi yon boul pou fè sa. Pat gen kat dènye modèl nan ankadreman sou woulo yo okenn kote, men gwo kat ki te nan liv yo te byen sèvi, lè yo te fè atansyon pou kenbe yo nan bon pozisyon. . . .

— India Harris Simmons (1888)

Sous: Joanna Stratton, *Pioneer Women: Voices from the Kansas Frontier*, Simon and Schuster

5 Dapre dokiman sa a, di **de** (2) jan India Harris Simmons te sèvi ak materyèl li te ka jwenn yo pou fè klas pou timoun nan lekòl li a. [2]

(1) _____

Nòt

(2) _____

Nòt

GRANITE CITY LEKÒL AMERIKANIZASYON

**Lendi
ak
jedi
swa,
7:30 p.m.**



Underwood & Underwood

Mesye sa yo se de (2) fre youn sitwayen ameriken, epi lòt la fenk antre nan peyi sa a ak manman yo ki granmoun. Gade diferans ki genyen nan jan yo abiye ak sa yo sanble. Etazini se yon gran peyi. Nan Etazini, tout moun gen yon chans. Tout moun ki soti nan peyi yo pou vini nan Etazini ta dwe aprann lang Ameriken yo pale, epi yo ta dwe vin sitwayen ameriken. Si moun ki vini nan Etazini yo pa natitalize ameriken, anvan lontan peyi sa a pral vini tankou peyi kote moun sa yo soti a.

**Koumanse
lendi
27
septanm
1920**

LEKÒL:

LEKÒL, RI 20 AK D
LINCOLN PLACE, 917 AVNI PACIFIC

LEKÒL LIBERTY, RI 20 AK O
LEKÒL MADISON, 1322 AVNI MADISON

**Fè Etazini Rete
yon Bon Peyi.**

Natitalize w Ameriken.

**Aprann
Lang lan.**

Press Record Publishing Co. 1834 D St., Granite City, Ill

—fichye 27671/44, nan dosye Amerikanizasyon, Achiv Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon, Gwoup 85 nan Achiv yo
Sous: *Teaching With Documents: Using Primary Sources From the National Archives*,
Konsèy Administrasyon Fon Rezèv Achiv Nasyonal (adapte)

6 Dapre afich sa a, ki avantaj imigre yo te kapab jwenn si yo te ale nan yon lekòl Amerikanizasyon? [1]

Nòt

Dokiman 7

SITIYASYON EDIKASYON POU NWA AK BLAN

. . . Pou edikasyon Nwa yo, Eta Sid yo te depanse an mwayenn mwaye lajan yo te depanse pou edikasyon Blan yo. Envestisman nan batiman [bilding] pou lekòl blan yo te kat fwa pi plis, epi salè pwofesè yo te 30 pousan pi plis.

Nan disèt Eta ki te gen segregasyon, yo te depanse \$42 milyon nan otobis pou elèv blan – epi mwens pase \$1 milyon pou elèv nwa yo.

Kantite ane an mwayèn elèv te pase lekòl nan Eta ki te gen segregasyon yo, ak nan Washington D.C.: blan – 8.4; nwa – 5.1. Pousantaj elèv blan ki te fini etid yo te kat fwa pi wo pase pousantaj elèv nwa yo.

Eta ki te gen segregasyon yo te depanse \$86 milyon pou inivèsite blan yo, epi \$5 milyon pou inivèsite nwa yo. Te genyen 1 lekòl medsin akredite pou nwa yo, ak 29 pou blan yo; 1 lekòl famasi akredite pou nwa, ak 40 pou blan; 1 lekòl de dwa pou nwa, ak 40 pou blan. Pat gen okenn lekòl jeni pou nwa, men te gen 36 pou blan.

An 1946, te gen apeprè yon ka nan tout popilasyon nwa a, ki te pratikman analfabèt. . . .

Sous: Harold Evans et al., *The American Century*, Alfred A. Knopf (adapte)

- 7 Dapre dokiman sa a, di **de** (2) jan doktrin “separe men egal” la pat gen egalite ladan l, nan zafè edikasyon nan Eta ki te gen segregasyon yo anvan 1954. [2]

(1)

Nòt

(2)

Nòt

Dokiman 8

. . . Segregasyon ant timoun blan ak timoun nwa nan lekòl piblik yo gen konsekans ki move pou timoun nwa yo. Konsekans lan pi fò toujou lè lalwa pèmèt segregasyon an, paske politik pou separe ras yo sanble li vle di ras nwa a enferyè. Lè yo fè yon timoun santi li enferyè, sa gen konsekans sou motivasyon l pou aprann. Kididonk, lè lalwa pèmèt segregasyon, sa gen tandans [retade] devlopman akademik ak mantal timoun nwa yo, epi sa anpeche yo jwenn kèk nan avantaj yo ta resevwa nan yon sistèm lekòl ki entegre.

Kèlkeswa nivo konesans nan sikoloji a te rive nan tan *Plessy v. Ferguson* lan, otorite modèn yo sipòte konklizyon sa a anpil. Yo rejte tout pawòl nan *Plessy v. Ferguson* ki kontredi konklizyon sa a.

Dapre sa nou kwè, doktrin “separe men egal” la pa gen plas li nan edikasyon piblik. Kote yo bay edikasyon ki separe yo pa janm egal lòt kote yo. Kididonk, nou kwè pleyan yo, ansanm ak lòt moun ki nan menm pozisyon ak yo epi ki patisipe nan aksyon an, pat kapab benefisye pwoteksyon lalwa garanti nan Katòzyèm Amannman an, poutèt segregasyon yo pote plent kont li a. Apre dispozisyon sa a, pa bezwen gen okenn diskisyon pou gade si segregasyon konsa yo se yon vyolasyon tou, kont Dispozisyon pou Jijman Ekitab ki nan Katòzyèm Amannman an. . . .

— Earl Warren, Prezidan Kou Siprèm, Opinyon Tribinal la nan zafè *Brown v. Board of Education of Topeka* (1954)

- 8 Dapre dokiman sa a ki sa Kou Siprèm te decide sou doktrin “separe men egal” la jan li aplike nan lekòl piblik yo? [1]

Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Menm si Ameriken bay edikasyon anpil enpòtans, se pa tout moun ki te kapab rive gen yon edikasyon fòmèl. Depi tan kolonyal la, yo kontinye ap fè plis moun jwenn opòtinite pou edikasyon nan Etazini.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

- Pale sou efò moun ak gouvènman (kit se gouvènman federal, gouvènman Eta, oswa gouvènman lokal) fè pou ede plis moun jwenn opòtinite pou edikasyon nan popilasyon Etazini a
- Evalye nan ki pwèn efò sa yo te rive bay bon rannman

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay la*; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **senk** dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Ekri yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki depase yon senp repetisyon *Kontèks Istorik* nan

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI

Premye Pati

Mèkredi, 28 janvyè 2004 — 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la G/F: Gason Fi
Non Pwofesè a
Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____
Part III A Score _____
Total Part I and III A Score
Part II Essay Score _____
Part III B Essay Score _____
Total Essay Score
Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan map pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

